

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Internet lain hal nu ahéng pikeun masarakat kiwari, boh barudak boh kolot. Éta hal geus jadi kailaharan, ku ayana internet masarakat bisa kabantu dina kahirupan sapopoé, upamana komunikasi. Internet ngalantarankeun masarakat ngarasa deukeut, padahal jauh, sarta bisa mantuan komunikasi masarakat sangkan leuwih praktis. Lian ti pangaruh positif, aya ogé pangaruh negatif, pangpangna pikeun barudak. Dumasar kana pangalaman empiris, barudak jadi kurang resep kana maca buku (novel). Lian ti éta, bisa ogé ngalantarankeun barudak jadi ngarasa pangapalna kana hiji perkara, pedah pangheulana nyaho tina internet. Éta hal nu ngabalukarkeun atikan disapirakeun.

Faktor nu jadi kasang tukang kurangna minat maca nurutkeun Leonhardt (dina Saleh, Abdul Rahman kc. 45 vol. 6 no. 1) nya éta : 1) buku-buku bacaeun barudak langka nu ngirut, 2) beuki jarang kolot nu daék pangdongengkeun ka budakna. Padahal ieu téh kabiasaan nu dilakukeun kolot baheula, 3) pangaruh televisi kurang ngarojong barudak pikeun maca buku, tapi jadi betah lalajo, 4) harga buku beuki mahal, 5) taman bacaan gratis nu miboga koleksi buku lengkep jeung ngirut masih kurang. Éta faktor sakuduna jadi pikiraneun balaréa hususna lembaga atikan, sangkan bisa ngaronjatkeun kacerdasan bangsa. Utamana barudak, nu bakal nyekel kapamingpinan ka hareupna.

Ku kituna, ieu panalungtikan dilaksanakeun, sangkan bisa nyontoan karakter nu hadé sarta pikeun nuwuuhkeun karep maca barudak. Salasahiji nu kapangaruhan tina ayana internet nyaéta karakter. Karakter mangrupa paripolah manusa nu jadi ciri has ti dirina. Karakter bisa diwangun ku cara dihaja, salasahijina ngaliwatan prosés atikan. Dina pangajaran basa aya nu disebut kaparigelan basa, salasahijina maca. Haerudin (2013:1), nételekeun yén kaparigelan basa sunda diwangun ku opat aspek, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Éta kaparigelan téh mangrupa totalitas kamahér anu gumulung atawa gébleng, teu bisa dipilah-pilah deui. Hiji jalma dianggap ngabogaan kaparigelan basa lamun geus parigel ngaregepkeun, maca, nulis jeung nyarita.

Faktor penting dina prosés maham karya sastra nyaéta budaya maca. Tapi, di Indonesia budaya maca téh masih kurang. Kagiatan nongton televisi leuwih dipikaresep tibatan maca. Kagiatan maca NOVEL RUMAJA “JAMPARING” KARYA CHYE RETTY ISNENDES PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMP

Cucu Siti Fatimah, 2018

dianggap biasa sarta gampang. Masarakat nganggap dirina geus ngawasa kaparigelan maca nalika maranéhna bisa wanoh jeung mampuh ngéjah jadi kekecapan atawa kalimah nu biasa diucapkeun sarta miboga ma'na.

Nurutkeun Suryaman (2009:45) budaya maca di Indonesia masih kacida kurangna. Indonesia aya dina peringkat katilu ti handap tina kabiasan maca. Hasil UNESCO ngaliwatan *Program for International Student Assessment (PISA)* taun 2003 (dina Pertiwi, Dwi Aji Dian taun 2012: kc. 2) nunjukkeun yén kaparigelan maca barudak Indonesia dina umur 15 taun ka luhur, aya dina urutan ka-39 tina 41 nagara.

Hurlock (1993: 67) nétélakeun yén minat maca mangrupa sumber motivasi pikeun hiji jalma dina nganalisa jeung nginget sarta ngévaluasi bacaan, nu jadi pangalaman diajar ngagumbirakeun jeung bakal mangaruhan wongun sarta inténsitas hiji jalma dina nangtukeun citacitana di mangsa nu bakal kasorang. Rahim (2005: 28) nétélakeun yén minat maca nyaéta kahayang nu dibarengan ku usaha-usaha hiji jalma pikeun maca. Dina pangajaran maca teu saukur ngajarkeun maca artikel atawa warta, tapi ogé kagiatan maca sastra.

Pangajaran basa lain saukur ngajarkeun basa, tapi ogé ngeunaan sastra. Ieu hal luyu jeung nu ditepikeun ku Suryaman (dina Pertiwi, Dwi Aji Dian taun 2012: kc. 1) kagiatan nyastra miboga udagan pikeun ngaronjatkeun kasurtian siswa dina ngapresiasi karya sastra, milih bacaan nu miboga kualitas pikeun ngaronjatkeun kapribadian sarta karakter siswa. Ieu sarua jeung nu ditepikeun ku Rachmat, dkk. (dina Pertiwi, Dwi Aji Dian taun 2012: kc. 1) yén pangajaran sastra lain ukur ngawanohkeun sastrawan jeung karyana, sarta maca jeung maham karya, tapi nepi ka kagiatan apresiasi. Siswa dipiharep ngajén jeung nepikeun pamadeganana kana karya sastra nu geus dipikawanoh, dibaca, jeung dicangkemna.

Karya sastra téh ciptaan nu ditepikeun secara komunikatif ngeunaan maksud nu baris ditepikeun pangarang pikeun udagan éstétis. Jakob Sumardjo (1994), nétélakeun yén karya sastra téh hiji usaha pikeun ngarekam jiwa sastrawanna atawa pangarangna. Ieu rekaman téh ngagunakeun alat basa. Sastra mangrupa wongun rekaman ku basa nu ditepikeun ka manusa séjenna. Karya sastra dipasing-pasing jadi fiksi jeung non fiksi. Nu kaasup kana salahiji karya sastra fiksi téh di antarana sajak, dongeng, carpon jeung novel.

Novel diwangun dina carita, alur sarta karakter nu kompleks, salian ti éta biasana ditulis dina wongun nu leuwih panjang tibatan carpon.

NOVEL RUMAJA “JAMPARING” KARYA CHYE RETTY ISNENDES PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMP

Cucu Siti Fatimah, 2018

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Novel kaasup kana salahiji wongun prosa atawa lancaran, nu miboga dua unsur, unsur ekstrinsik jeung intrinsik. Unsur ekstrinsik mangaruh kana karya sastra di saluareun unsur-unsur nu aya patalina jeung unsur jero. Sabalikna tina unsur ekstrinsik nyaéta unsur intrinsik, unsur-unsur dina jero karya sastra nu mangaruh kana karya sastrana.

Ulikan nu medar kana unsur intrinsik atawa unsur jero karya satra disebut ulikan struktural. Dina prakna mah strukturalisme téh leuwih umum dianggap hiji kaédah atawa métode anu tujuan utamana pikeun ngalempeng atawa ngajén dina ngalaksanakeun panalungtikan anu leuwih nyosok kana aspék jero ngeunaan hiji objék kajian. Strukturalisme lahir pikeun ngabedah kaitan-kaitan atawa unsur dina hiji objék (Koswara, 2013, kc. 13).

Atikan dijadikeun salahiji tatapakan masarakat dina ngajén paripoloh atawa kalakuan ti anggotana. Anggota masarakat dianggap mantes lamun nyumponan tungtutan tina ajén atikan nu aya di lingkunganna. Biasana bakal aya sanksi pikeun nu ngalanggar nya éta diantep ku masarakat séjenna.

Ieu panalungtikan medar ngeunaan novel rumaja *Jamparing*, salahiji novel karya Chye Retty Isnendes. Ieu téh méh sarua jeung panalungtikan nu geus dilaksanakeun ku Indah Purnama Cahyani, nu judulna “Ajén Moral jeung Psikologi Perkembangan Rumaja dina novel rumaja *Jamparing* Karya Chye Retty Isnendes pikeun Bahan Pangajaran Nyarita Di SMP kelas IX”. Salian ti éta, aya ogé panalungtikan nu sawanda nyaéta “Ajén Atikan Karakter dina novél Carita Budak Minggat karya Samsoedi pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)” ku Nisa Nurazizah taun 2016.

Luyu jeung nu dipedar saacanna panalungtikan novel rumaja *Jamparing* Karya Chye Retty, tina aspek struktural jeung étnopédagogik can aya nu medar. Ku kituna, panalungtikan dijudulan “Novel Rumaja Jamparing karya Chye Retty Isnendes pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di SMP (Ulikan struktural jeung etnopedagogik)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Luyu jeung nu dipedar dina kasang tukang di luhur, katitén aya sababaraha pasualan nu kapanggih. Tina éta pasualan-pasualan, ieu panalungtikan miboga rumusan masalah, ieu di handap.

NOVEL RUMAJA “JAMPARING” KARYA CHYE RETTY ISNENDES PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMP

Cucu Siti Fatimah, 2018

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1. Kumaha struktur carita (tema, fakta carita, jeung sarana carita) novélét rumaja *Jamparing* karya Chye Retty Isnendes?
2. Kumaha unsur étnopédagogik (Religius, Jujur, Toleransi, Disiplin, *Kerja keras*, Kreatif, Mandiri, Demokratis, Rasa Ingin Tahu, Sumangat Kabangsaan, *Cinta Tanah Air*, Ngahargaan Prestasi, Komunikatif, *Cinta Damai*, Resep Maca, Paduli Lingkungan, Paduli Sosial, Tanggung Jawab) novél rumaja *Jamparing* karya Chye Retty Isnendes?
3. Luyu atawa henteu dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca novel di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar rumusan masalah nu dibahas saacanna ieu panalungtikan tangtu miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta ngadeskripsikeun struktur carita dina novélét rumaja *Jamparing* karya Chye Retty Isnendes. Sarta nataan unsur etnopedagogi nu nyangkaruk dina éta novél. Ogé maluruh ngeunaan luyu henteuna dijadikeun bahan ajar.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana rumusan masalah, tujuan husus tina teu panalungtikan nyaéta ngadeskripsikeun:

1. struktur carita (téma, fakta carita jeung sarana carita) dina novel rumaja *Jamparing* karya Chye Retty Isnendes.
2. unsur etnopedagogik (Religius, Jujur, Toleransi, Disiplin, *Kerja keras*, Kreatif, Mandiri, Demokratis, Rasa Ingin Tahu, Sumangat Kabangsaan, *Cinta Tanah Air*, Ngahargaan Prestasi, Komunikatif, *Cinta Damai*, Resep Maca, Paduli Lingkungan, Paduli Sosial, Tanggung Jawab) nu nyangkaruk dina Novél Rumaja *Jamparing* karya Chye Retty Isnendes.
3. luyu henteuna jadi bahan pangajaran maca novel di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Luyu jeung nu dipedar dina tujuan, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat saperti dihandap.

1.4.1 Téoritis

**NOVEL RUMAJA “JAMPARING” KARYA CHYE RETTY ISNENDES PIKEUN
BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMP**

Cucu Siti Fatimah, 2018

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sacara téoritis ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun ngajembaran élmu pangaweruh hususna élmu ngeunaan bahasa jeung sastra Sunda. Salian ti éta panalungtik miharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun pangdeudeul pikeun panalungtikan ka hareupna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun masarakat umum, saperti ieu di handap.

1. Pikeun nu nalungtik, dipiharep nambahana kaweruh kana paélmuan nu keur ditalungtik sarta mikanyaho pangaruh unsur etnopedagogis nu kapanggih tina novel *Jamparing* karya Chye Retty Isnendes kahirupan sapopoé.
2. Pikeun masarakat umum, dipiharep ieu panalungtikan bakal ngajembaran pangaweruh masarakat kana kasastraan hususna dina ulikan struktural jeung unsur étnopédagogik. Tur bisa jadi pangdeudeul pikeun panalungtikan nu sajenis.
3. Sarta hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh hususna dina ajén atikan sarta pangaruhna kana kahirupan sapopoé.

1.5 Raraga Tulisan

Panalungtikan nu dilaksanakeun ku panalungtik kalawan disusun jadi skripsi nu dibagi deui jadi sababaraha bab, nyaéta:

BAB I BUBUKA

Bab I medar ngeunaan kasang tukang masalah, laju dituluykeun kana identifikasi sarta rumusan masalah, naon tujuan tina panalungtikanana jeung mangpaatna pikeun dunya atikan, sarta nu pamungkas aya raraga tulisan.

BAB II NOVEL, PANGAJARAN JEUNG RARAGA MIKIR

Medar ngeunaan teori-teori nu patali jeung panalungtikan nu baris dilaksanakeun. Dina ieu panalungtikan baris dianalisis struktur carita sarta unsur étnopédagogik tina novel rumaja *Jamparing* karya Chye Retty Isnendes.

BAB III METODOLOGI PANALUNGTIKAN

Medar metode panalungtikan nu di jerona ngawengku: cara ngumpulkeun data, ngolah data, desain panalungtikan, sumber panalungtikan, sarta instrumen nu digunakeun.

BAB IV HASIL JEUNG PEDARAN

NOVEL RUMAJA “JAMPARING” KARYA CHYE RETTY ISNENDES PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMP

Cucu Siti Fatimah, 2018

Medar hasil panalungtikan luyu jeung tiori sarta metode nu digunakeun, naon-naon nu dihasilkeun tina analisis nalika panalungtikan lumangsung. Naon nu ditulis dina ieu bab mangrupa jawaban tina rumusan masalah dina di bab hiji.

BAB V KACINDEKKAN JEUNG SARAN

Medar, metode jeung pembahasan dipungkas ku nyieun kacindekkeun hasil analisis, sarta medar kumaha balukarna kana pangajaran di sakola, sarta nyieun rekomendasi atawa saran dumasar kana hasil panalungtikan.